



## TOUT DETAY SOU SÈVIS POU TIMOUN KI FENK VINI YO (CARE FOR NEWCOMER CHILDREN – CNC)

**Byenveni!** Pwogram CNC nou an fèt espesyalman pou sipòte timoun ki nouvo nan Kanada ak fanmi yo pandan yo gen aksè nan sèvis IRCC finanse. Nou la la pou ede.

Nou konnen ke se yon peryòd gwo chanjman pou ou ak pou fanmi ou. Objektif nou se pou pitit ou a santi yo byen akeyi li, san danje epi li an sekirite, pandan y ap sipòte devlopman li ak bati konfyans li pandan fanmi ou abite nan Kanada.

LE YON TIMOUN  
NAN PWOGGRAM  
CNC A, PARAN YO  
DWE RETE SOU  
PLAS TOUT TAN.

### Pa gen anyen ki pi enpòtan pase sekirite pitit ou!

Ou mèt ran sèten ke anplwaye nou yo kalifye epi yo gen espryans.

- Nou verifye dosye tout anplwaye nou yo pou sa ki konsène vi pase yo/krim epi yo gen fòmasyon nan zafè premye swen.
- Nou respekte egzijans CNC yo epi yo kontwole nou pou asire yo ke nou satisfè nòm sante ak sekirite yo.
- Pou asire nou ke tout timoun jwenn menm trètman ak respè, nou gen yon politik jesyon konpòtman. Anplwaye yo dwe ranfòse konpòtman nan fason pozitif.Yo pa otorize frape timoun yo ni pale di avèk yo; pa gen ni neglijans oswa mank sipèvizon.
- Anplwaye yo gen yon devwa pwofesyonèl ak obligasyon legal pou rapòte nenpòt sitiayson kote yon timoun ta blese oswa neglige pa otorite awopriye yo.

Ou lib pou mande nou yon kopi politik jesyon konpòtman nou oswa abi sispek sou timoun nan / politik sou neglijansi w enterese fè plis verifikasiyon.

### Ki sa ou ka atann de CNC?

Fason nou pran swen timoun nan yon anviwònman gwoup nan Kanada ka diferan de jan sa fèt nan peyi ou. Si ou gen kesyon sou disiplin, manje, lang, edikasyon oswa woutin, tanpri poze kesyon . Rechèch montre ke timoun yo aprann nan jwe, se konsa anplwaye yo planifye aktivite aprantisaj edikasyonèl ki baze sou jwèt, pou reponn a enterè, laj, kapasite ak kiliti timoun yo. Pitit ou a ap fè pratik sosyalizasyon ak lòt timoun epi devlope ladrès ki pral prepare yo pou lekòl la. Kijan ou ka ede pitit ou adapte l a CNC?

### Kijan ou ka ede pitit ou adapte l a CNC?

Li nòmal pou pitit ou a gen krentif pou li kòmanse CNC. Anplwaye yo ap travay avèk ou pou fè tranzisyon an pi fasil, men, an premye, pitit ou ka kriye, rete kole sou ou, oswa demontre lòt konpòtman. Pou ide sou fason ou ka ede chase laperèz lakay pitit ou a, mande yon kopi *Byenveni nan CNC: Gid Paran pou Separasyon ki reyisi*.

### Kominikasyon ant paran ak anplwaye enpòtan!

Nou ankouraje w pou w konnen anplwaye nou yon nan CNC epi pataje enfòmasyon sou pitit ou a. Lè nou tout travay ansanm, nou kapab pi byen sipòte pitit ou epi kenbe li an sekirite.

## TOUT DETAY SOU SÈVIS POU TIMOUN KI FENK VINI YO (CARE FOR NEWCOMER CHILDREN – CNC)

### **Asire ou ke ou pale anplwaye a sou:**

- alèji oswa restriksyon nan zafè manje;
- maladi oswa medikaman ptit ou ap pran (tanpri pran Nòt : yo bay medikaman sèlman nan sitiyasyon kote lavi menase epi li pa dwe janm nan men ak pa ptit ou a oswa nan sak li;
- ak bezwen espesyal oswa defi espesyal. Yo ta ka kapab ede!

### **Li kapab itil tou pou di anplwaye yo:**

- ti dòmi oswa manje pou timoun ou;
- enterè ptit ou ak manje li pi renmen yo;
- mo ki ta ka ede anplwaye yo kominike avèk ptit ou;
- enfòmasyon sou fanmi ak frè ak sè (oswa pote yon foto fanmi);
- ak fason espesyal ou pran swen ptit ou a ak sa ou ka vle nan CNC.

### **Lòt bagay ou dwe kenbe nan tèt ou:**

- Pou sekirite ptit ou a, se sèlman paran ki genyen anrejistre pou sèvis yo ki ka depoze ak pran ptit yo.
- Ou dwe toujou siyen pou antre ak soti ptit ou a.
- Byen abiye ptit ou pou tan an ak pou aktivite yo pral fè nan pwogram nan. Si ou gen kesyon sou sa ptit ou ta dwe mete, mande anplwaye a.
- Li enpòtan pou pote ptit ou regilyèman pou kenbe woutin yo epi prepare yo pou lekòl la. Si ptit ou a dwe absan, fè anplwaye a konnen.
- Si ptit ou a malad, kenbe li lakay yo pou anpeche maladi a gaye. Timoun ki gen yon lafylèv oswa dyare pa dwe gen sentòm pandan 24 èdtan anvan yo ka retounen nan CNC.

## TOUT DETAY SOU PWOGGRAM CNC NOU AN

**Nom Non moun kap bay swen an:** \_\_\_\_\_  
Caregiver's Name / Nom du dispensateur de soins

	Wi	Non	Yes / Oui	No / Non
Vaksinasyon yo mande yo Immunization required / L'enfant doit avoir été vacciné	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>		
Nou bay ti goute We provide snacks / Nous fournissons des collations	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>		
Pote manje pou manje midi / goute ptit ou a Bring food for your child's lunch/snack / Apportez le déjeuner/la collation de votre enfant	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>		
Ou pran swen ptit ou a nan manje midi You care for your child at lunch / Vous prenez soin de votre enfant au déjeuner	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>		
Nou gen yon tan pou ti dòmi We have a naptime / Notre programme prévoit une sieste	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>		

**Orè CNC:** \_\_\_\_\_  
CNC Hours / Heures de garde d'enfant

	Wi	Non	Yes / Oui	No / Non
Pote yon jwèt konfò <sup>1</sup> Bring a comfort toy / Apportez un jouet réconfortant	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>		
Pote rad siplemantè Bring extra clothes / Apportez des vêtements supplémentaires	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>		
Pote soulye pou andedan kay Bring indoor shoes / Apporter des chaussures d'intérieur	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>		
Pote yon dra (si li nesesè) Bring a blanket (if needed) / Apportez une couverture (si nécessaire)	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>		
Pote kouchèt (si li nesesè) Bring diapers (if needed) / Apportez des couches (si nécessaire)	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>		



**SIPÔTE SEVIS AK ETABLISMAN**  
**JENN TI IMIGRAN YO**

*Pou plis enfòmasyon pou paran, vizite:*  
[www.cmascanada.ca](http://www.cmascanada.ca)



**Care for  
Newcomer  
Children**